# Хаамаш талларх дерг

## Тергаман 1алашонца суьрташ таллар

## Хаамаш ларбаран юкъарчу регламентан 13, 14 (кхойтталг1ачуй, ейтталг1ачуй) статьяшна т1едоьг1на (DSGVO

**Жоьпаллин операторан ц1е а, цуьнца з1енаш а:**

Bundesamt für Fremdenwesen und Asyl (мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а г1уллакхийн Федеральни ведомство)
Modecenterstraße 22, 1030 Wien
Телефон: +43- 59 133 98 7004
Факс: +43- 59 133 98 7399
E-Mail: BFA-Einlaufstelle@bmi.gv.at

**Х1ораннан долара хаамаш ларбаран векалца з1енаш:**

Телефон: +43- 59 133 98 - 0
E-Mail: BFA-Datenschutzbeauftragter@bmi.gv.at

**Долара хаамаш талларан 1алашонаш:**

Г1ишло чу воьдучохь а, куьйгаллин г1ишлона т1екхочийлехь а, оьхурш т1елоцучу сахьташкахь жоьпаллехь йолчу бакъонан урхалло шех пайда оьцуш болу къевлина (къайлабаьккхина) видеоталлам д1абаздар, я къаьстина йолчу чоьхьаволийлехь а, дозатоьхна т1екхочийла йолчу г1ишлонан декъехь а (масала, ахц1а, г1ат), оьхург т1елоцучу сахьташкахь пачхьалкхан бакъонан урхалло пайдаоьцу видеоталлам д1абаздар; куьйгаллин г1ишлонехь видеоталлам д1абаздар, къаьсттина жоьпаллехь волчу операторо шех пайдаоьцу болу, иштта, коьртачу г1ишлонан хьалхера а, пачхьалкхан бакъонан урхаллин долахьчу, суьрташ талларан жоьпаллин операторо, цут1е, милла велахь ша жоьпаллехь верг куьйгаллин г1ишлонан хьалхе йохаярх ларъярехь а, долахь долу х1ума 1алашдарехь а, бахам 1алашбарехь а, стеган дахар а, могушалла а ларъярехь а, кхит1е кост долчуьнца бакъонийн юкъаметтиг йолуш, зулам ца хилийта а, лахдан а, хилла даьллехь д1адерзо а, х1унда аьлча кост долчуьнан декхарна и юкъадог1уш хиларна, ца даьллачу денний бен талла цадог1учу,билгалдолуш хиларна 1алашонащца, видеоталлам бар магор нисдеш хиларна Хаамаш ларбаран бакъонан 12-чу (шуьйтталг1ачу) статьяца (DSG).

**Таллам баран бакъонан баххаш:**

§§ 12, 13 Хаамаш ларбаран законан (DSG); §§ 353 а, т1аьхьайог1урш а, иштта § 1157 Юккъерчу граждански кодексан (ABGB); § 3 Пачхьалкхан белхалойн законан (B-BSG); § 80 Зуламан-къийсаман кодексан 1975 (StPO)

**Долара хаамаш 1алашбаран хенаш:**

72 сахьт далале, нагахь санна и хаамаш оьшуш бацахь шаьш схьабеллачу хьаштана.

**Долара хаамаш шайга кхочуш берш:**

Бакъо йолу орган а/я бакъо йолу суд (зуламан г1уллакхехь тешалла дархьама); пачхьалкхан кхемазаллин органаш (г1ароллин палицица низам латторхьама); суьдаш (граждански г1уллакхашкахь тешаллаш дархьама); зенах ларваран органаш (нисса зенах ларваран г1уллакхашкахь)

**Шена дуьхьала г1уллакх доьдучуьнан бакъонаш:**

Латкъам бан бакъо ю Долара хаамаш ларбаран бакъонашна т1ехь векал йолчу Австрин органехь (1080 Wien, Wickenburggasse 8, телефон: +43 1 52 152-0, E-Mail: dsb@dsb.gv.at) т1едоьг1на § 24 1 разделан Хаамаш ларбаран Закон.

Доларчу хаамехь долу хьал довза бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 15-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Доларчу хаамех долу хьал хийца (хийцамаш бан) бакъо луш луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 16-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Долара хаамаш д1абаха бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 17-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Долара хаамаш талларан хьокъехь, Коьртачу декъана хьаллатторах долчу Федеральни Законо ма-бохху, латкъам бан бакъо луш яц, Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 21-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO), иштта бакъо луш яц долара хаамаш талларехь дозатохарца дуьхьало ян Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 18-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).